

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil analisis jeung pedaran anu diébréhkeun dina bab IV bisa dicindekeun yén prinsip kasopanan basa raket patalina jeung tahap kasopanan atawa undak usuk basa, sabab duanana nyoko kana sopan santun pikeun silih ajénan dina komunikasi. Kasopanan basa penting pisan dina prosés komunikasi pikeun silih hormat sarta pikeun nyingkahan pasalia paham.

Dina kumpulan carpon Nu Harayang Dihargaan karya Darpan réa kapanggih tahap kasopanan dina omongan (329 omongan). Éta tahap kasopanan téh dianalisis jeung didéskrripsikeun dumasar kana 1) tahap kasopanan, 2) maksim prinsip kasopanan, jeung 3) omongan nu ngukuhan jeung ngarempak prinsip kasopanan.

Tahap kasopanan atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa nalika komunikasi. Hasil panalungtikan manggihan ayana opat tahap kasopanan, nu ngawengku 1) tahap basa hormat (50 omongan), 2) tahap basa loma (232 omongan), 3) tahap basa kasar (25 omongan), jeung 4) tahap basa campuran (22 omongan).

Tahap kasopanan dina éta kumpulan carpon ngandung genep maksim. Maksim nu pangréana kapanggih nyaéta maksim katumarima (133 omongan) sarta nu pangsaeutikna kapanggih nyaéta maksim balabah (5 omongan). Lian ti éta kapanggih ogé opat maksim séjénna, nyaéta maksim kawijaksanaan (108 omongan), maksim pangcocog (41 omongan), maksim kasimpati (9 omongan), jeung maksim handap asor (6 omongan).

Omongan dina maksim prinsip kasopanan téh aya nu ngukuhan sarta aya ogé nu ngarempak. Hasil analisis nuduhkeun omongan nu ngukuhan prinsip kasopanan téh leuwih réa kapanggih (212 omongan) tibatan omongan nu ngarempak prinsip kasopanan (90 omongan).

Ditilik tina maksimna, omongan nu ngukuhan maksim prinsip kasopanan nu leuwih loba nyaéta maksim kawijaksanaan (94 omongan) jeung nu pangsaeutikna nyaéta maksim balabah jeung maksim handap asor (masing-masing 5 omongan). Sedengkeun omongan nu ngarempak maksim kasopanan nu panglobana nyaéta

maksim katumarima (53 omongan) jeung nu pangsaeutikna nyaéta maksim handap asor (1 omongan).

Dina ieu panalungtikan kapanggih aya tahap kasopanan campuran, padahal dina buku-buku tiori kasopanan ukur disebutkeun tilu tahap kasopanan, nyaéta 1) basa hormat, 2) basa wajar atawa loma, jeung 3) basa kasar. Sacara umum, bisa dicindekkeun yén aya opat tahap kasopanan nu kapanggih dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan. Tahap kasopanan nu panglobana kapanggih nyaéta tahap basa loma. Ari maksim prinsip kasopanan nu kapanggih umumna nyaéta maksim katumarima. Prinsip kasopanan dina ieu kumpulan carpon kapanggih aya nu ngukuhan sarta ngarempak, omongan nu ngukuhan kapanggih leuwih réa batan nu ngarempak.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban sarta ngajembaran paélmuan hususna dina widang pragmatik. Ieu panalungtikan ngeunaan tahap kasopanan nu aya dina omongan miharep sangkan nu maca bisa ngarti kumaha ngalarapkeun tahap kasopanan dina kahirupan sapopoé nu luyu jeung aturan sangkan basa nu digunakeunana bener tur merenah. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep masarakat bisa leuwih maham kana tahap kasopanan sarta prinsip kasopanan sangkan leuwih paham kumaha sakuduna ngagunakeun basa nu sopan dina komunikasi.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analis jeung kacindekan anu dipedar di luhur, aya sawatara rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan téh ngulik kabasaan dina wangun tinulis, nyaéta dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan nu medar ngeunaan tahap kasopanan. Ku kituna, dipiharep kahareupna aya panalungtikan nu nalungtik tahap kasopanan dina paguneman nu lumangsung sacara lisan nyaéta dina kahirupan sapopoé.
- b. Pikeun ngajembaran ulikan dina kabasaan hususna ulikan pragmatik nyaéta tahap kasopanan, dipiharep bisa leuwih ngajembaran ulikan nu dipedar, teu saukur nganalisis tahap kasopanan jeung prinsip kasopanan wungkul.